


BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang dina ngayakeun panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh mangrupa acuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Eusina ngeunaan léngkah-léngkah dina ngayakeun panalungtikan. Desain panalungtikan bisa ditingali dina bagan di handap



3.1 Bagan Desain Panalungtikan

3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa hiji cara atawa prosedur anu digunakeun pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptif analisis. Ratna dina Irawan (2009:39) nétélakeun yén méthode deskriptif analisis téh dilakukeun ku cara ngadeskripsikeun fakta-fakta, nu satuluyna disusul ku analisis.

Luyu jeung pamadegan Ratna ngeunaan méthode deskriptif analisis tadi, panalungtikan ieu ngadeskripsikeun heula ngeunaan deskripsi, ringkesan, jeung gambaran sawatara tokoh wanoja anu aya dina kumpulan carpon *Hate Awéwé* karangan Risnawati. Tuluy dianalisis sakur data anu aya pakuat-pakaitna jeung féminisme.

Data nu dikumpulkeun dina panalungtikan ieu lain mangrupa angka-angka (kuantitatif), tapi mangrupa kutipan-kutipan kalimah (kualitatif). Indikasi nu spesifik ngeunaan panalungtikan kualitatif nya éta pamarekan anu ngumpulkeun data, nganalisis, jeung méré laporan tulisan (Creswell, 1994:146). Panalungtikan ieu ngadeskripsikeun para tokoh wanoja dina kumpulan carpon *Hate Awéwé* karangan Risnawati kana masalah nu geus diwatesanan di bab samemehna nu satuluyna dianalisis dumasar kana teori kritik sastra feminisme.

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun salah tafsir kana istilah nu dipaké dina judul ieu panalungtikan, ditétélakeun sababaraha wangenanana, nya éta:

1. Tokoh wanoja nya éta palaku wanoja nu jadi pemeran dina caritaan hiji karangan karya sastra.
2. Kumpulan carpon nya éta prosa anyar nu mangrupa kumpulan karangan carita pondok.

Damalia Suci Asihna, 2013

Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon Hate Awewe Karangan Rismawati (Tilikan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3. Féminisme nya éta idéologi ngeunaan kabébasan para wanoja dina nangtukeun pilihan atawa jalan hirupna anu miboga dadasar ku ayana fakta yén wanoja ngarandapan kateuadilan nu disababkeun ku jinis kelamin dina sagala widang kahirupan. Sedengkeun kritik sastra féminisme nya éta sawangan ngeunaan hiji karya sastra anu dtalungtik ngaliwatan pamadegan ideologi féminisme.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih gampang nalika diolah (Arikunto, 2002:136). Instrumén anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta kartu data. Analisis nu maké kartu data nyaéta tilikan féminismena.

Tabél 3.1 Kartu Data Analisis Féminisme

Data Analisis Féminisme				
Nomer Carpon:				
Kaca	Paragraf	Baris	Kontéks Kalimah	Analisis Féminisme

Keterangan

Kode Carpon

1: *Santi*

2: *Puasa, Bulan Puasa*

3: *Indung Téré*

4: *Kidung na Haté Indung*

5: *Samagaha*

6: *Caleg*

Damalia Suci Asihna, 2013

Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon Hate Awewe Karangan Rismawati (Tilikan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Téhnik Panalungtikan

3.5.1 Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan tujuanana nyaéta sangkan manggihan sakur tiori tur informasi anu baris dilarapkeun dina nganalisis panalungtikanana. Pikeun ngahontal tujuanana, talaah pustaka tangtuna mangrupa tarékah anu penting kana larapna analisis dina panalungtikan ieu.

3.5.2 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data dipaké sangkan maluruh data anu mangrupa téks dina buku kumpulan carpon *Haté Awéwé*. Téks carpon pinilih tina kumpulan carpon *Haté Awéwé* baris dianalisis dumasar kana tilikan kritik sastra féminisme.

3.6 Data Jeung Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan ieu nyaéta buku kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati, wedalan PT Kiblat Buku Utama taun 2011. Jumlah kacana aya 209 kaca.

3.7 Populasi Jeung Sampel

3.7.1 Populasi

Populasi nyaéta wilayah generalisasi mangrupa subyék/obyék nu miboga kualitas jeung karakteristik anu tangtu nu ditangtukeun ku panalungtik sangkan pikeun dipaluruh jeung dijieun kacindekanana (Sugiyono, 2008:117 dina Friansyah, 2011). Populasi dina panalungtikan ieu nyaéta buku kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati anu jumlahna aya 20 carpon.

3.7.2 Sampel

Tina 20 carpon, dipilih 6 carpon anu minuhan kriteria salaku carpon nu baris ditalungtik ngaliwatan tilikan kritik sastra féminisme. Kriteria carpon-carpon pinilih nu baris ditalungtik téh luyu jeung opat ciri carpon nu bisa ditalungtik ngaliwatan tilikan féminisme, disebutkeun ku Cheri Register dina Egleton (Isnendes, 2010:48), ciri-cirina nya éta jadi forum pikeun wanoja dina ngedalkeun aspirasina, ayana usaha pikeun ngahontal kasaimbangan budaya (androginitas), nyadiakeun métode conto ku jalan éksplorasi (patualangan) pangalaman anyar, jeung solidaritas di antara tokoh wanojana (*sisterhood*). Carpon nu jadi sampel nyaéta: “*Santi*”; “*Puasa, Bulan Puasa*”; “*Indung Téré*”; “*Kidung na Haté Indung*”; “*Samagaha*”; jeung “*Caleg*”.

Ku kituna, téknik sampel dina ieu panalungtikan nyaéta téknik sampel purposif. Numutkeun Moleong (2007:224, dina Indaswari, 2012) Teknik sampel purposif nyaéta téknik sampel dumasar kana tujuan sarta tinimbangan anu tangtu. Tujuanna nyaéta nalungtik dumasar kana jihat pamarekan kritik sastra féminisme.

3.8 Léngkah Garapan

Léngkah garapan lumangsungna ieu panalungtikan nyaéta:

1. Tatahar

Saméméh ngumpulkeun data, aya sababaraha nu kudu ditataharkeun, diantarana nyaéta:

- a. Nataharkeun sumber data panalungtikan;
- b. Nangtukeun masalah, judul, jeung nyieun rangkay panalungtikan;
- c. Konsultasi ka dosen pembimbing.

2. Ngumpulkeun Data

Langkah-langkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- a. Nyieun kartu data;
- b. Maca carpon *Haté Awéwé* sacara tuluy tumuluy, tuluy sawaréh paguneman nu luyu jeung panalungtikan di inventariskeun kana kartu data;
- c. Nganalisis hasil kartu data;
- d. Konsultasi ka dosén pembimbing.

3. Ngolah Data

Léngkah dina ngolah data dilaksanakeun maké léngkah-léngkah ieu dihandap:

- a. Ngadeskripsikeun hasil inventaris kartu data;
- b. Nganalisis deskripsi inventaris kartu data ngaliwatan tilikan féminisme;
- c. Nyindekkeun sakur data nu dianalisis.

4. Hasil Ahir

Hasil ahir tina runtuyan léngkah garapan nyaéta skripsi.